

Règleman Asistans Finansye pou Pasyan

Rezime nan Langaj Senp

Kòm yon pati nan misyon Phoenixville Hospital pou bay kominote a swen ak konpasyon, kalite siperyè, aksesib, epi ki pa koute chè, nou rekonèt ke kèk pasyan ak fanmi ka bezwen asistans finansye pou ede yo ak depans sèvis swen sante yo. Poutèt sa, Phoenixville Hospital ofri pasyan yo asistans finansye pou asire ke tout moun ka jwenn swen sante kalite siperyè.

Kalifikasyon ak Asistans yo Ofri

Pasyan ke yo refize pou kouvèti Medicaid, oswa ke yo evalye epi pa satisfè kondisyon Medicaid yo, yo pral konsidere yo pou pwogram Asistans Finansye Pasyan Phoenixville Hospital la. Pasyan ak fanmi ki vle aplike pou asistans ka soumèt yon aplikasyon ak dokiman sipò yo bay yon reprezantan sèvis finansye pou pasyan Phoenixville Hospital.

Yo mete Règleman Federal sou nivo Povrete yo ajou chak ane epi yo sèvi ak yo pou detèmine si yon moun kalifye pou asistans finansye pou pasyan. Yo pral mande pasyan yo pou yo bay prèv revni kay la ansanm ak non moun k ap viv nan kay la pandan pwosesis aplikasyon an. Yo itilize enfòmasyon sa a pou idantifye kote moun nan kay la yo tonbe nan Règleman Nivo Povrete Federal la (Federal Poverty Level Guidelines, FPL). Kategori FPL la ap detèmine kantite lajan yon pasyan ap peye pou yon bòdwo medikal. Pou pasyan ki depase 400% FPL la, pousantaj moun ki pa gen asirans lan aplike. Pousantaj pou moun ki pa gen asirans lan se 25% montan ke yo jeneralman faktire epi yo aplike li lè yo fè yon premye peman. Pasyan ki kalifye pou asistans finansye p ap gen pou peye plis pase montan yo jeneralman faktire pou swen ijans oswa lòt swen ki nesèsè medikalman.

Aplike pou Asistans Finansye pou Pasyan

Règleman aktyèl sou Asistans Finansye pou Pasyan yo ak aplikasyon pou asistans finansye yo disponib sou sit entènèt nou an nan: <https://towerhealth.org/locations/phoenixville-hospital/billing/financial-assistance>. Anplis de sa, ou ka jwenn kopi enprime tout Règleman Asistans Finansye pou Pasyan an ak aplikasyon an gratis lè w voye yon imèl bay call.center@towerhealth.org oswa lè w rele 484-628-5683.

Yo ankouraje pasyan yo pou yo kòmanse aplike pou asistans finansye pi bonè posib. Pi bonè Reading Hospital vin okouran de bezwen finansye a, se plis n ap gen opòtinite pou nou mete w an kontak ak resous potansyèl tankou Medicaid ak lòt pwogram asistans oswa asirans. Pasyan yo ka mande konsiderasyon pou asistans finansye nenpòt ki lè pandan sik faktirasyon ak koleksyon an.

Si w bezwen èd pou aplikasyon an, ou ka kontakte nou pa imèl nan call.center@towerhealth.org oswa rele 484-628-5683.

Phoenixville Hospital
140 Nutt Road
Phoenixville, PA 19460